



“Biwo Kontablite” “Office of Accountability”
2008-2009

Sèvis Leson Patikilye Gratis
“Supplemental Educational Services (SES)”

YON FÒMILÈ DEMAND OFISYÈL Pou w Chwazi Yon Ajans “Tutoring” Pou Pitit Ou An
NOU PRIYE W OUVRI IMEDYATEMAN Dènye Dat lan SeFinal: VANDREDI, 31 OKTÒB, 2008

Chè Paran/Gadyen:

Lekòl pa pitit ou an — ak chak lòt lekòl nan Lekòl Piblik Boston — pran angajman pou yo ede tout elèv l yo reyisi e rive byen wo. Premye bi pa nou se ofri pou elèv yo tout sipò nesèsè pou n asire nou ke chak elèv gen anpil opòtinite pou l amelyore abilte li nan tout sa l ap aprann yo.

Se avèk bi ou objektif sa a nan lespri nou, nou sòti deyò an pou n enfòme w ke pitit ou an kapab elijib pou l jwenn plis asistans akademik pou l aprann anba pwovizyon la lwa federal nan edikasyon an “NO CHILD LEFT BEHIND” lan.

Nou espere ke tout elèv ki elijib yo ak tout fanmi yo pral pwofite pran avantaj nan opòtinite edikatif sa a.

Tout timoun nan lekòl pitit ou an ki kalifye pou repa gratis ou a pri redui, yo tout yo kalifye pou yo benefi-sye leson patikilye gratis (Free Tutoring). “Tutoring” lan se asistans akademik nou ka ofri anvan klas, aprè klas, oubyen pandan sezon lete an. Se yon seri de moun leta apwouve (state-approved providers) ki bay asistans sa a.

Nou voye nouvèl sa a pou ou, pou n ede w konprann kijan edikatè (tutors) sa yo kapab ede pitit ou an e kisa w dwe fè pou w pwofite de avantaj sèvis sa a y ap bay lan. Ou pa oblije anwole pitit ou an nan pwogram “tutoring” gratis sa a, men nou ankouraje w seryezman pou w pa kite yon opòtinite konsa pase san w pa pran l.

Konsènan “Free Tutoring” lan, Ou Gen pou w Chwazi!

Ou pral ka chwazi pami divès sèvis “tutoring” divès moun k ap bay sèvis sa yo (providers) ap ofri nan divès zòn. Konsa ou ka fasilman decide kisa ki pi bon pou pitit pa w lan.

Nou voye meye souwè nou pou pou yon lane eskolè chaje ak siksè.



Carol R. Johnson
Sipèntandan

QuickReference

All these tutoring services are provided by the Massachusetts

MOUN K AP BAY LESON (TUTORING SERVICE PROVIDERS)	DOMÈN PWOGRAM	KLAS KI SEVI	KI KOTE LESON AN AP BAY
ALLIANCE FOR INCLUSION AND PREVENTION Kontak: Robert Kilkenny, Meg Smith Telefòn: (617) 469-0074	Lekti, Redaksyon, Matematik	6, 7, 8	Irving MS, Frederick Pilot MS
ALTERNATIVES UNLIMITED, INC. Kontak: Chris Battaglia Telefòn: (410) 339-3945	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-12	Lekòl, Lakay Elèv lan, "Internet", "Business", Sant
ANN'S CHRISTIAN LEARNING CENTER Kontak: Denise Jeter Telefòn: (617) 287-2332	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-8	"Business", Lekòl, Sant Kominotè, Kote Moun Lapriyè
AMERICA SCORES - New England Kontak: Dennis Wright Telefòn: (617) 265-0066 xt. 150	Lekti, Redaksyon	3, 4, 5	Lekòl Elèv lan
BELL-BUILDING EDUCATED LEADERS FOR LIFE Kontak: Brenda Braithwaite Telefòn: (617) 282-1567, xt.134	Lekti, Redaksyon, Matematik	K2-5	Holland, Kenny, Matematiker, Mattahunt, Tobin, Tro
BOSTON HIGHER EDUCATION RESOURCE CENTER Kontak: Elizabeth Palma Diaz Telefòn: (617) 442-5608	Lekti, Redaksyon	7-12	68 Northampton Street Boston, MA 02118
BOSTON LEARNING CENTER Kontak: Gary Bracey Telefòn: (617) 265-7170	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-12	208 Ashmont Street, Dorchester, MA 02124, Lakay Lekòl Elèv lan
BOSTON PUBLIC SCHOOLS Kontak: Maureen Harris Telefòn: (617) 635-9414	Lekti, Redaksyon, Matematik	3-12	Lekòl
BOSTON URBAN YOUTH FOUNDATION (BUYF) Kontak: Christopher Troy Telefòn: (617) 445-3380	Lekti, Redaksyon, Matematik	6-12	Lekòl, "Business"
BRAINFUSE ONE TO ONE TUTORING Kontak: Alex Sztuden Telefòn: (866) 272-4638	Lekti, Redaksyon, Matematik	3-12	On-Line Tutoring (Leson sou "Internet")
BRIENZA'S ACADEMIC ADVANTAGE Kontak: Conceita Verge (800) 581-0887/(978) 400-8651	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-12	Lakay Elèv lan
C&M EDUCATIONAL CONNECTIONS AND CONSULTING Kontak: Paula Nelson Telefòn: (617) 282-9700	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-5	"Business", "Internet"
CATAPULT LEARNING Kontak: Telefòn: (800) 417-3125	Lekti, Matematik	K-8	Nan Lekòl Elèv lan
CITIZEN SCHOOLS Kontak: Ned Rimer Telefòn: (617) 695-2300	Redaksyon, Matematik	5-8	Dever, Dorchester Community Campus, Garfield, Ha Irving, Mission Hill, Shaw MS, Wheatley MS, Eight Academy, McCormack Middle School
CLUB Z! IN HOME TUTORING SERVICES Kontak: Stephanie Mitchell Telefòn: (781) 893-1862	Lekti, Matematik	K-12	Lekòl, Lakay Elèv lan, "Internet", lòt kote
COMMONWEALTH LEARNING CENTER Kontak: Nancy Quinlan Telefòn: (781) 444-5193	Lekti	1-12	Lekòl, Lakay Elèv lan, Lòt Kote
EDUCATE ONLINE Kontak: Mikki Cruz Telefòn: (212) 755-1070	Lekti, Matematik	3-12	Lekòl, Lakay Elèv lan, "Internet", Lòt Kote
GENERATIONS INCORPORATED Kontak: Julie Sittler Telefòn: (617) 423-5545	Lekti	1-4	Lekòl, Sant Kominotè
GREENWOOD SHALOM OUTREACH COMMUNITY, INC. Kontak: Tanna Preston Telefòn: (617) 282-1464	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-10	378A Washington Street, Dorchester, MA 02124
HUNTINGTON LEARNING CENTERS, INC. Kontak: Julie Delucca Telefòn: (800) 692-8400 x486	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-12	Lekòl, "Business"
LEARN-IT SYSTEMS Kontak: Raquel Whitting Telefòn: (410) 369-0000	Lekti, Matematik	K-8	Lekòl, Plas Kominotè
PINNACLE LEARNING CENTER Kontak: Steven Shapiro Telefòn: (781) 828-2800	Lekti, Redaksyon, Matematik	K-12	Lekòl, Kote Moun Lapriyè, Sant Kominotè, Lòt Kote
PRINCETON REVIEW K-12 SERIES Kontak: Keri Hoyt Telefòn: (800) 333-0369 x1340	Lekti, Redaksyon, Matematik	1-12	Lekòl, Kote Moun Lapriyè, Sant Kominotè, Lòt Kote
TENACITY, INC. Kontak: Edward Eames Telefòn: (617) 562-0900	Lekti	6, 7, 8	Umana Barnes, Sportsmen's Tennis Club, Reggie Lev ter, Boston Athletic Club, Harvard University
THE MATCH Matematik LAB Kontak: Brandon Wong Telefòn: (617) 232-0300	Matematik	6, 7, 8	1001 Commonwealth Avenue, Boston, MA 02215
THE YMCA OF GREATER BOSTON Kontak: Wendy Zinn Telefòn: (617) 536-7800	Lekti, Matematik	K-5	Lekòl

Guide to Providers

Massachusetts Department of Education and serve students in Boston

	LANG ETRANJÈ N AP SÈVI	KI ELÈV AK BEZWEN ESPEYAL NOU SÈVI	ÈDTAN PA SEMÈN NOU BAY LESON	ÈDTAN NOU BAY LESON NAN YON LANE	JOU NOU TRAVAY	FÒM NOU BAY LESON
	Okenn kouramman	Elèv ki gen pwoblèm emosyonèl pou yo aprann	4 èdtan	46 èdtan	Lendi a Samdi	Gwoup
Kominotè	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	4 èdtan	42 èdtan	Lendi a Samdi	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
iyè	Rele nou pou detay	Elèv ki gen pwoblèm plizoumwèn serye pou yo aprann	2-3 èdtan	31 èdtan-Pou yon moun / 41 èdtan ak Gwoup	Lendi a Samdi	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	3 èdtan	60 èdtan	Lendi, Madi, Mèkr, Vandredi	Gwoup
tter	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	8 èdtan	51 èdtan	Lendi a Vand.	Gwoup
	Panyòl	Elèv ki gen pwoblèm plizoumwèn serye pou yo aprann	Rele nou pou detay	58 èdtan	Rele nou pou detay	Gwoup
Elèv lan,	Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kapvèdyen, Cantonese (Chinwa), Mandarin (Chinwa)	ADD, Dyslexia, ADHD, Autism and more. Rele nou pou detay.	2-3 èdtan	35 èdtan	Rele nou pou detay	Yon elèv endivid-yèl/ Gwoup
	Vyetnamiyen, Kreyòl Ayisyen, Panyòl, Kreyòl Kapvèdyen, Chinwa, Pòtigè, Somali	Nou sèvi tout elèv ki gen bezwen espesyal	4 èdtan	60 èdtan	Lendi a Vand.	Gwoup
	Rele nou pou detay	Okenn kouramman	Rele nou pou detay	87 èdtan	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay
	Panyòl	Rele nou pou detay	2-3 èdtan	40 èdtan	Lendi - Diman	Yon elèv endivid-yèl On-line
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	3 èdtan	46 èdtan	Lendi a Vand.	Gwoup
	Creole, Panyòl, Somali, Chinwa	Nou sèvi tout elèv ki gen bezwen espesyal	2-3 èdtan	41 èdtan	Lendi a Samdi	Gwoup
	Tout Lang yo	Rele nou pou detay	4 èdtan	35 èdtan	Lendi a Jedi	Gwoup
rbor, h Grade	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	10-12 èdtan	72 èdtan	Lendi a Jedi	Gwoup
	Panyòl ak Lòt Lang si gen deman	Autism, Retade nan komunikasyon, Retade nan devlopman, nan aprann, Sansiblite, Neurological, Emosyonèl, ak lòt pwoblèm si gen deman	2-4 èdtan	40 èdtan	Lendi - Diman	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	1 èdtan	30 èdtan	Lendi a Samdi	Yon elèv endivid-yèl
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	2-4 èdtan	40 èdtan	Lendi - Diman	Yon elèv endivid-yèl sou "Internet"
	Rele nou pou detay	Okenn kouramman	2-4 èdtan	40 èdtan	Lendi a Jedi	Yon elèv endivid-yèl
	Panyòl	ADD, ADHD, "Asperger's" ak tout enkapasite ki baze sou langaj	2-4 èdtan	77 èdtan	Lendi a Jedi	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	46 èdtan	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay
	Panyòl, English, Kreyòl Ayisyen	ADD, ADHD	3 èdtan	45 èdtan	Lendi a Samdi	Gwoup
e	Panyòl, Chinwa, Pòtigè, Fransè, Kreyòl, Japonè	ADD, ADHD, Asperger's, Enkapasite pou aprann ki pa baze sou lang, pèdi memwa tanporèman	3-5 èdtan	38 èdtan ak yon elèv / 66 èdtan ak ti gwoup piti	Lendi - Diman	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
e	Panyòl	Okenn kouramman	3 èdtan	30 èdtan	Lendi a Samdi	Gwoup
wis Cen-	Panyòl	Rele nou pou detay	4-5 èdtan	60 èdtan	Lendi a Jedi	Yon elèv endivid-yèl / Gwoup
	Panyòl, Kreyòl	Elèv ki gen pwoblèm plizoumwèn serye pou yo aprann	2-4 èdtan	42 èdtan	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay
	Rele nou pou detay	Rele nou pou detay	4 èdtan	80 èdtan	Lendi a Vand.	Gwoup

ALLIANCE FOR INCLUSION AND PREVENTION

“Alliance for Inclusion (AIP) and Prevention” gen 9 ane depi yo nan yon tèt-ansanm ak Lekòl Piblik Boston. Yo ede 700 elèv ki nan lekòl mwayen, epitou yo ede elèv ki riske pa pase yo reyisi. AIP ankouraje elèv yo fè amelyorasyon nan Lekti, Ekriti ak Matematik. Yo travay ak ti gwoup piti epi ak elèv endividyèl fas pou fas. Koulye a, AIP gen Pwogram Leson Patikilye nan de (2) Lekòl Piblik nan Boston.

ALTERNATIVES UNLIMITED, INC.

“Alternatives Unlimited Tutoring” ofri “tutoring” nan matematik, lekti, epi redaksyon pou elèv klas K-12. Gen yon plan detid ki devlope pou chak elèv sou baz yon tès dyagnostik “tutor” yo bay nan kòmansman an. Nan lafen sèvis yo, elèv yo pran yon lòt tès ki ede mezire amelyorasyon akademik yo. AU itilize kourikoulòm “ENI’s iTarget Teach Fundamentals” ki dakò ak standa leta Massachusetts lan e distrik Boston lan. Bi yo se sipòte e asiste elèv yo pou yo amelyore pèfòmans elèv sa yo nan salklas yo epi ede yo reyalize pigran siksè nan kanè (report cards) yo ak tès leta vle pou yo pase. Gras ak enstwiksyon a elèv yo endividyèlman e nan ti gwoup (5:1), elèv AU yo devlope abiltè fondamantal ki bay yo yon fondman solid pou yo aprann anpil konsèp ak kontni pi avanse. AU sèvi ak kourikoulòm an Anglè e an Panyòl; gen pwofesè bileng ki la pou travay ak elèv ki pale Panyòl yo.

ANN’S CHRISTIAN LEARNING CENTER

“Ann’s Christian Learning Center” (ACLC) se yon pwogram baze sou lafwa, yon sant ki bay leson patikilye fas pou fas. Nou genyen yon ekip anseyan ki trè kalifye pou bay leson patikilye nan klas 2-8. Nou ankouraje elèv yo, pa filyèl patisipasyon paran yo ak pwòp patisipasyon pa yo, nan devlopman objektif yo kapab atenn ak ankourajman nou ba yo nan pwogram motivasyonèl nou an. Nou rekonpanse elèv yo lè yo fè byen nan tès nou bay nan Sant la ak nan lekòl yo, lè nòt yo amelyore, lè yo fè devwa yo byen, ak lè yo byen konpòte yo.

AMERICA SCORES (New England)

“America SCORES New England” se yon òganizasyon ki gen siksè nan devlopman jenn ti moun yo, e ki itilize yon konbinezon inik ki gen foutbòl (soccer), redaksyon, ekspresyon kreyatif, epi aprann pandan pratik pou anseyman elèv yo. SCORES travay an asosiyasyon etwat ak douz (12) pwogram elemanè nan “Boston Public Schools”. Elèv SCORES yo pran de (2) aprè midi pa semèn pou yo travay nan klas 3-5 nan aktivite redaksyon ak lekti pou yon minimòm 10 zè pa mwa pandan tout lane eskolè an. SCORES chèche bay timoun lan anpil sèvis avèk yon balans ki sipòte l nan lekti, kondisyonman fizik, epi devlopman karaktè. Se sitou pwofesè Boston Public Schools yo ap asistan ki anba direksyon pwofesè sa yo ki bay sèvis nan SCORES. Paran yo ap resevwa tanzantan rapò sou pwogrè timoun yo, epi pwofesè yo la disponib tou pou diskite pwoblèm yo ak paran yo.

BELL-BUILDING EDUCATED LEADERS FOR LIFE

Misyon pa “BELL (Building Educated Leaders for Life)” se ogmante siksè nan edikasyon ak nan opòtinite nan lavi pou timoun sa yo k ap grandi nan kominote ki pap touché anpil kòb yo. Pwogram aprè klas “BELL” lan ofri asistans pou ti gwoup piti nan bay leson lekti ak matematik pratik nan devwa lakay soti lendi jedi nan divès lekòl elemanè nan lavil Boston lan. Pwogram sa a ofri tou aktivite kiltirèl, pwomnad, ak pwojè sèvis kominotè nan vandredi.

BOSTON HIGHER EDUCATION RESOURCE CENTER

“Boston Higher Education Resource Center (HERC)” se yon òganizasyon pa lafwa ki chita nan Roxbury ki bay sèvis nan leson patikilye, sipò akademik, konsèy, preparasyon pou kolèj pou timoun ki riske pa

pase ak timoun ki ret nan Boston, Dorchester, ak Roxbury. Pwogram sa a bay timoun ki riske pa pase ki nan lekòl mwayen ak nan lekòl segondè yo leson patikilye an ti gwoup nan lekti ak Atizay Angle. L ap itilize estrateji ak pwogram sou òdinatè ki ede nan enskripsyon ki sipòte kourikoulòm Lekòl Piblik Boston (BPS). HERC travay nan plis pase 35 lekòl piblik epi yo gen siksè nan ede elèv ki riske pa pase yo -- ak tout elèv ki andikape oubyen ki gen pwoblèm konpòtman – pou yo reyisi akademikman epi pou kolèj aksepte yo.

BOSTON LEARNING CENTER

San ou pap gen pou w peye, “Boston Learning Center” kapab ofri leson (tutoring) pou pitit an nan lekòl li an, oubyen lakay ou pou elèv ki nan K-12. Nou ofri tou yon pwogram motivasyonèl tou ki rele BIFF pou adolesan ki nan ane 6-12. Kolèj aksepte plis pase 90% nan ansyen elèv BIFF, epitou nou fè defèt tounen siksè akademik. Pandan dènye ven ane ki sot pase yo la a, nou bay bonjan rezilta ak pase 3,000 timoun nou sèvi nan kominote a. Pwogram nou yo genyen yon kourikoulòm endividyèl ki tabli pou satisfè bezwen chak elèv.

BOSTON PUBLIC SCHOOLS

Pwogram Lekòl Piblik Boston (BPS) lan ofri 60 è (heures) enstwiksyon pou ti gwoup piti nan lekti, redaksyon, epi matematik avèk pwofesè ki trè kalifye nan Lekòl Piblik Boston. Yo bay leson yo (tutoring) anvan ou aprè klas nan lekòl “BPS” sa yo ki idantifye kòm elijib pou “SES”. “Tutors” yo seleksyone divès materyèl espesyal pou satisfè nesessite edikatif inik elèv yo. Chak timoun gen yon plan travay espesyal ki rele “Individual Student Success Plan (ISSP)” ke pwofesè yo itilize pou enfòmè yo pou enstwiksyon chak elèv. Paran yo gen reyinyon ak pwofesè yo twa fwa pandan lane an pou yo diskite pwogrè timoun yo.

BOSTON URBAN YOUTH FOUNDATION (BUYF)

Nan pwogram aprè klas li an, “Boston Urban Youth Foundation” lan ofri devlopman akademik e sosyal nan efò l ap fè pou l ede prepare jenn timoun jodi an yo pou yo travay demen. “BUYF” deja reyalize anpil siksè nan amelyorasyon angajman nan lekòl, asidite, pèfòmans, epi preparasyon pou inivèsite. Pwogram aprè klas “BUYF” lan gen ladan li:

1. Sesyon ak metòd anseyman “Passkey” an kote elèv yo pran san yo pou yo nan itilizasyon ekzès ak sipò konpyoutè, ki ranfòse konesans yo nan lekti, nan teknik langaj, epi nan abiltè matematik. Gen tès anvan e aprè sèvis pou evalye amelyorasyon abiltè elèv yo.
2. Sesyon anseyman pou endividu e ti gwoup piti ki fokalize sou ranfòsman abiltè elèv lan nan konpreyansyon lekti e teknik langaj atravè ekzès lekti e redaksyon epi tou nan asistans nan diskisyon sou divès tèks.
3. Amelyorasyon konesans e eksperyans elèv yo konsènan kozman politik, ekonomik, e kominotè nan vil nou an, nan peyi nou an, ak nan rès mond lan.

BRAINFUSE ONE –TO-ONE TUTORING

Ak “Brainfuse” elèv ak pwofesè lesan patikilye kominike nan salklas a distans yo ki fasil pou itilize. N ap jwenn “Brainfuse” sou nenpòt òdinatè ki branche sou “Internet”. Pwofesè yo gen eksperyans kòm edikatè ki travay di pou lisans yo, ki pran tès pou eksperyans yo, e ke nou tcheyeke sou pase ak referans yo. Nou entèvyouwe yo, nou teste kapasite yo, epitou yo patisipe nan anpil sesyon fòmasyon. Yo ofri lesan patikilye an dirèk (live tutoring) avèk enstwiktwè ki gen talan nan matematik, lekti, ak ESL (ane 4-12). Responsab yo bay paran yo rapò regilyè sou pwogrè elèv yo nan lang matènèl paran yo.

BRIENZA’S ACADEMIC ADVANTAGE

“Brienza Academic Advantage” gen 16 zan depi l ap bay fanmi yo sèvis edikatif de bon kalite. Pwogram nou an respekte kontni e standa anseyman “Massachusetts Department of Education” etabli yo. Selon

filozofi pa nou, konesans akademik yon elèv dwe grandi avèk fyèrte li; konsa, nou kreye anpil opòtinite rich pou timoun yo aprann e ki ankou-
raje devlopman akademik e karaktè yo. Nou mete aksan sou ekselans
akademik pandan n ap konstwi konfyans ak fòs karaktè nan lespri elèv
lan. Bi nou, se bay elèv nou yo yon eksperyans akademik defyant nan
yon anviwònman fèt e sekirize. Nou fyèr ak kalite sèvis sa a n ap ofri
an, kalite pwofesè nou aplwaye yo, epi kalite resous nou itilize yo.

C&M EDUCATIONAL CONNECTIONS/T.H.R.I.V.E.

An 2006 Ms. Paula Nelson, yon ansyen pwofesè entegrasyon ak
tranzisyon nan matematik nivo mwayen nan Lekòl Piblik Boston mete
kreye “C&M Educational Connections and Consulting” (CMECC). Li
te rekonèt bezwen pou gen yon pwogram ki chita sou rechèch apre klas
pou elèv ki gen difikilte nan lekti, ekriti, ak matematik. Nan lane 2008
CMECC te adopte non “T.H.R.I.V.E.” lan, pou l dekri misyon l pibyen
ki se ede jenn timoun k ap kouri risk echwe yo itilize tout potansyèl
lakay yo pou yo reyisi. Pwogram “T.H.R.I.V.E.” se yon kourikoulòm k
ap bay leson pandan tout lane an, pou l pòte remèd ak anrichisman nan
lekti, “ELA” ak matematik sou leson pa “Internet”, enstwiksyon ak sipò
konpyoutè, enstwiksyon entivyèl (one-on-one) pou elèv klas 3 – 5 yo
nan yon anviwònman sekirize, stwiktire, e angajan.

CATAPULT ONLINE

“Catapult Online” ofri yon pwogram an dirèk, endividyalize, leson
patikilye lakay pa filyè pwogram sal klas a distans li ki fasil pou itilize.
Eksperyans “Catapult Online” sa a menm jan ak enstriksyon ki fèt
nan yon sal klas men elèv yo santi yo pi alèz pou patisipe akòz ke sal
klas a distans la pèmèt yo kapab ret pou kont yo lè fini li fè yo santi yo
an sekirite. Elèv yo ka al sou pwogram nan òdinatè pèsonel GRATIS
“Catapult Online” ba yo. Òdinatè a ap rete pou elèv la depi li kon-
plete tout pwogram nan (jan akò distri/ajan mande l la). Paran chwazi
orè pou pitit yo, angwo yo chwazi 2-4, 60 minit sesyon pa semenn.
“Catapult Online” plis apwopriye pou elèv 3-12 ane. “Catapult Online”
se yon pwogram ki chita sou rechèch, li itilize enstriksyon endividyali-
ze ak teknik pou elèv yo metrizè sa y aprann yon fason pou amelyore
kapasite yo nan lekti ak matematik.

CITIZEN SCHOOLS

Pwogram apre lekòl “Citizen Schools” ede elèv yo 1) devlope bonjan
talan nan matematik ak ekriti, 2) devlope kapasite lidè yo ak valè poziti-
f, 3) prepare pou reyisit nan lekòl segondè ak nan kolèj, epi 4) ekspoze
ak karyè epi konseye ki gen tout kalite pwofesyon. Anba yon ekip ki
byen fòme, elèv yo fè “aprannti” nan men volontè ki soti nan plizyè
branch tankou achitekti, biznis, jounalis, lalwa, ak teknoloji. Elèv yo
pratikè talan akademik yo epitou yo fè koneksyon ant sa y ap aprann
lekòl la ak siksè nan karyè pandan y ap konplete pwojè aprannti lavi
reyèl, tankou prepare epi diskite yon jijman fiktif, ekri epitou pibliye
yon jounal, rekonsevwa estasyon tren yo, kreye yon paj entènèt, ak lòt
bagay ankò. Ekip travay la ki gen talan sipòte pou devwa yo fin fèt, lè
fini yo konekte regilyèman ak pwofesè elèv yo.

CLUB Z! IN-HOME TUTORING SERVICES

“Club Z! In-Home Tutoring Services” bay sèvis endividyèl, fas pou fas
lakay elèv la nan lè ki pi konvenab pou paran yo. Antrenè “Club Z”
swa pwofesè ki lisansye k ap travay nan lekòl prive oubyen nan lekòl
piblik oswa se pwofesyonèl ki gen degre, ki se ekspè ki gen eksperyans
nan domèn yo a. Club Z mache antrenè ak etidyan baze sou bezwen
akademik endividyèl elèv la a pèsonelite elèv la. Estil antrenè yo
endividyalize epi estil yo taye espesifikman pou elèv y ap sèvi a.

COMMONWEALTH LEARNING CENTER

“Commonwealth Learning Center” an ofri ansèyman endividyèl (one-

to-one) selon nesessite chak elèv. Pwogram bay leson (tutorial) aprè
klas sa a konsidere bezwen elèv k ap goumen nan lekti ak eple (òtograf)
yo. Chak elèv travay ak pwofesè pwòp pa li e se menm pwofesè sa
a elèv lan pral wè pou chak sesyon. Leson “tutoring” lan santrè sou
anseye chak elèv kijan pou l “dekòde” lang anglè an – son, kalite silab,
paten, règ, rasin e “affixes” – yon fason sistematik e pratik. Elèv yo li
ak hot vwa epi yo konplete ekzèsis dikte pou chak leson. Pwofesè nan
pwogram “Commonwealth Learning Center” yo se espesyalis sètifye
ki sibi bonjan antrenman e yo gen eksperyans tou nan travay ak elèv k
ap goumen nan lekti ak nan òtograf (eple). Nou swete byenvni a tout
elèv ki gen pwoblèm pou yo aprann, e a tout elèv ki gen difikilte pou yo
fikse atansyon yo sou travay nan klas.

FAILURE FREE READING

“Failure Free Reading” se yon pwogram entèvansyon pou elèv ki gen
difikilte nan premye etap konpreyansyon lekti, vokabilè, ak fasilite lekti
oral, se yon pwogram multi-medya ki baze sou rechèch. Pwogram dev-
lopman lang djanm sa a baze sou 20 ane rechèch san pran souf epitou
se yon pwogram ki konsevwa pou fè yon entèvansyon k ap gen siksè
pou moun ki gen difikilte pou aprann li epi ki rete nan brakèt 0-20th.
Nòt nan lekti pou sou-gwoup ki pi pap fonksyone nan Amerik la tank-
ou: gwoup ki gen dezavantaj ekonomik, minorite, edikasyon espesyal,
gwoup ki poko maton nan Angle te ogmante anpil gras ak pwogram
“Failure Free Reading” epitou Komisyon sou Edikasyon nan Eta yo te
nonmen pwogram sa a kòm youn nan pwogram ki pwomèt anpil.

GENERATIONS INCORPORATED

“Generations Incorporated” ofri leson endividyèl (one on one literacy
tutoring) pou elèv Lekòl Piblik Boston ki nan klas premye, dezyèm,
twazyèm, katyèm, e senkyèm. Nou bay sèvis nan dives zòn nan tout
lavi Boston an. Pou w aprann piplis sou òganizasyon nou an, rele nou
oubyen vizite “website” nou nan: www.generationsinc.org
Pwofesè yo travay ak chak timoun 2 fwa pa semèn, yo pase 40 minit
nan chak sesyon, yo itilize kourikoulòm “Reading Coaches”. Pwofesè
(tutors) nou yo se divès retrete antrene ki nan kominote an, e ki entere
nan edikasyon timoun yo. Nou itilize “Basic Reading Inventory (BRI)”
pou n mezire enpak pwogram “Reading Coaches” lan. Nou administè
tès sa a 2 fwa chak lane. Abityèlman, elèv nou yo amelyore a yon nivo
lekti ki egal a 2.5. Anplis pwogrè yo fè nan alfabetizasyon, elèv yo
benefisye bonjan aspè entèjenerasyonnel pwogram nan.

GREENWOOD SHALOM OUTREACH

“Greenwood Shalom Outreach Community” (GSOC) se yon ògani-
zasyon ki gen sèt ane depi l ap bay jenn ki riske pa reyisi yo sèvis
edikasyonèl ak sipòtif. Pwogram GSOS SES la bay leson patikilye nan
lekti, Atizay Lang Angle ak matematik pa filyè enstriksyon sou òdinatè
ak enstriksyon fas pou fas oubyen an ti gwoup. GSOC trè efikas nan
amelyore rezilta akademik elèv ki riske pa reyisi yo, jan evalyasyon
avan epi apre Woodcock-Johnson ak lòt mezi demontre l la. Depi lè
GSOC kòmanse administè evalyasyon sa yo nan ane 2003, tout elèv
GSOC bay leson patikilye fè pwogrè omwen .5 nan nivo ane yo a apre
twa mwa rive pou jiska sis mwa, lè fini, genyen ladan yo ki amelyore
jiska 3.5 nivo ane yo.

HUNTINGTON LEARNING CENTERS

“Huntington Learning Center” chita sou yon filozofi nan edikasyon ki
se tès okonplè, dyagnostik sofistike, kourikoulòm wo nivo, enstriksyon
endividyalize. Nou itilize yon bann kourikoulòm dènye kri yon fason
pou nou kapab bay elèv ki nan K-12 edikasyon siplemantè ki pi efikas
la. Tout pwofesè nou yo se bachelye pou pi piti epi yo gen lisans Hun-
tington la. Pwogram nou an ap ede pitit ou a devlope talan li bezwen
jounen jodi a k ap dire pandan tout lavi l.

LEARN-IT SYSTEMS

“Learn-It Systems” delivre enstwiksyon aprè klas pou ti gwoup piti avèk enstwikite antrene ke leta sètifye, e ki gen omwens 2 ane eksperyans nan ansèyman nan salklas. Nou gwoupe, pou n kòmanse, tout elèv ki anwole nan yon pwogram selon nivo klas yo pou n evalue yo anvan, espesyalman menm jan leta Massachusetts lan ta evalue elèv sa yo. Rezilta evalyasyon davans sa a bay enfòmasyon pou devlopman yon plan detid endividyèl pou chak elèv. Nou plase ansanm nan ti gwoup detid tout elèv ki gen nesosite edikatif ki sanble yo pou nou ka bay yo opòtinite pou yo pwogrese otan yo kapab, nan youn ede lòt, nan gwoup k ap sant lespri yo, e nan atansyon endividyèl. Pwogram “Learn-It Systems” yo pwodui bon rezilta. “Learn-It” ede anpil milye elèv nan tout nasyon an aprann lekti fondamantal ak abilite matematik yo bezwen pou yo reyisi nan lekòl ak nan lavi.

PINNACLE LEARNING CENTER

“Pinnacle Learning Center” se yon pwogram sèvis edikasyonèl sipleman tè lokal ki bay sèvis nan Lekti, Ekriti ak Matematik. “Pinnacle Learning Center” la pou ede elèv yo reyisi epi depase kritè aprantisay Masachouset yo. Pwofesè nou yo se pwofesè lisansye nan Masachouset, ki gen anpil eksperyans epi ki fòme pou itilize materyèl ki fèt parèt ak teknik ansèyman tounèf pou ede elèv yo rive fè pwogrè nan Kritè Kourikoulòm Masachouset yo jan MCAS mezire l la. Pwogram nou yo genyen yon konsiltasyon alapapòt ak paran/gadyen an, yon tè dyagnostik, bonjan komunikasyon ak pwofesè yo epi yon kourikoulòm endividyalize ki tabli pou maksimize pèfòmans elèv yo.

PRINCETON REVIEW K12 SERVICES

Nou gen yon pwogram ki djanm epi ki pran angajman pou l amelyore reyisit elèv yon an Masachouset kidonk nou asire nou tout timoun resevwa enstriksyon yo ta dwe resevwa pou yo ka devlope kapasite yo nan matematik ak nan lekti. Pwogram nou an fèt an ti gwoup pou pèmèt pwofesè ki lisansye nan “Princeton Review” yo bay chak elèv antansyon endividyèl ke yo merite a. Nan chita sou konsèp ki enpòtan nan matematik ak nan lekti, “Princeton Review” bay elèv nou yo zouti ki nesese pou yo reyisi ni nan sal klas la ni nan lavi yo.

TENACITY, INC.

“Tenacity” se yon òganizasyon ki chita sou devlopman jenn nan Boston. Li gen bi “pou amelyore devlopman eskolè, devlopman karaktè ak devlopman fizik jenn kap viv nan gwo vil yo nan ba yo sipò akademik ak enstriksyon/konpetisyon nan tenis ak konsantrasyon sou kapasite pou fonksyone nan lavi a. “Tenacity’s After-School Excellence Program” travay nan bonjan tèt ansanm ak uit Lekòl Piblik Boston pou fè yon pwogram twa-zan ki kreye pou elèv ki riske pa reyisi yo nan lekòl mwayen. ASEP entegre lekti/sipò nan alfabetizasyon, devlopman kapasite pou fonksyone nan lavi a ak aktivite pou ret djanm tankou tennis ak aktivite fizik nan yon anviwonman ki gen anpil lòd. Elèv ASEP yo patisipe pou twa jou pa semenn pandan 30 semenn nan sizyèm, setyèm ak uityèm ane, pou yon total 290 èd tan pandan ane lekòl la epi 90 èd tan an ete.

THE MATCH MATH LAB

“MATCH Math Lab” se yon ti pwogram ki bay leson patikilye nan matematik pou elèv nan lekòl mwayen nan Boston. Pwogram nan chita sèlman sou leson patikilye youn ak youn oubyen ti gwoup piti ak yon moun tout bon. Nou pa itilize òdinatè pou nou anseye, eksepte lè yon antrenè ak yon elèv ap travay ansanm sou yon òdinatè. Nou ede elèv yo metrize Kritè Kourikoulòm Matematik nan Masachouset la sistematikman. Konsa, yo pa jis pase MCAS nan 6e, 8e ak 10e ane, men yo plase nan nivo “Konpetan” oubyen “Avanse”. Pwogram nou an gen yon gwoup travay ki gen ladan twa gwoup moun diferan: a) yon antrenè ap len tan (moun ki fèk gradye nan kolèj ki pi avanse yo nan peyi a; moun sa yo, se anplwaye ap len tan lekòl “MATCH”, b) antrenè etidyan ki nan kolèj (etidyan nan MIT, Harvard, Boston College, ak Inivèsite Boston), epi c) Elèv lekòl segondè lekòl MATCH menm.

THE YMCA OF GREATER BOSTON

“YMCA of Greater Boston” gen pwogram apre lekòl ki djanm epi ki an sekirite. Pwogram sa a yo adrese pwoblèm kiltirèl, sosyal, edikasyonèl san parèy elèv nou yo ak fanmi yo ap konfwonte nan Boston. N ap itilize modèl alfabetizasyon an tou pou nou bay elèv SES yo inèd tan chak jou pandan kat ak senk jou pa semenn.

N ap gen aktivite tankou Li Awot Vwa (Read Aloud), Pale Fò (Shout Out), Mo Mache (Words Works), Ekriti ak Lekti Pou Tèt Ou (Writing and Independent Reading). Li Awot Vwa se lè pou devlope yon tèm oubyen yon topic ki donk yon lè pou granmoun yo trase modèl lekti kourant, kanpe pou panse awot vwa, epi pou demontre kijan lekti mache. Nou itilize Pale Fò, Mo Mache, ak Ekriti pou n fè elèv yo kontinye ap fè entèaksyon. N ap itilize liv ki soti nan “Defi 100 Liv” (The 100 Book Challenge) ki gen ladan l 30-45 minit pou li pou tèt ou.

(Rele kontak pou w fè aranjman pou “tutoring” ak pou dertay pou data k lè sèvis yo)

W ap jwenn piplis enfòmasyon konsènan “tutors” nou yo nan “website” “Massachusetts Department of Education” lan: <http://www.doe.mass.edu/ses/>

Free Tutoring (SES) is available at the following schools:

Elementary SES Schools

Agassiz
Bates
Beethoven
Blackstone
Channing
Chittick
Condon
Dever
Ellis
Emerson
Everett
Farragut
Fifield
Gardner
Garfield
E. Greenwood
Grew
Guild
Hale
Haley
Hamilton
Harvard/Kent
Hennigan
Higginson
Holland
J. Kennedy
P. Kennedy
Kenny
Lee Elementary
Marshall
Mather
Mattahunt
O'Donnell
Ohrenberger
Otis
Perkins
Quincy
Roosevelt
Shaw
Sumner
Trotter
Tynan
Winthrop

Elementary/Middle Schools

Curley K-8
Eliot
S. Greenwood
Hernandez
Hurley
Jackson-Mann K-8
Lydon
McKay
Mission Hill
Murphy
Orchard Gardens
Tobin
Warren-Prescott
Young Achievers

Middle Schools

Dearborn
Edison
Edwards
Frederick
Gavin
Harbor
Irving
King
Lewenberg
Lewis
McCormack
Mildred Avenue
Rogers
Timilty
Umana/Barnes
Woodrow Wilson

Middle/High Schools

Upper School

Quincy Upper School

High Schools

Burke
Charlestown
Community Academy of
Science
East Boston
English
Madison Park
Media Communications &
Technology
Noonan Business
Odyssey
Parkway Academy
The Engineering School
Urban Science Academy

Special Schools

McKinley

Kesyon & Repons Konsènan “SES Free Tutoring”

Kisa ki pwogram lesan patikilye gratis SES lan (SES tutoring program)?

“SES”ki vle di “Supplemental Education Services” se yon pwogram gouvènman federal lan finanse kòm yon pati lalwa “No Child Left Behind (NCLB)” an ki bay “tutoring” gratis pou tout elèv ki elijib pou repa gratis ou a pri redui nan lekòl leta seleksyone yo. Gen yon varyete “providers” k ap ofri tutoring pou tout elèv ki elijib an deyò lekòl elèv sa yo ap frekante yo. Nou devlope pwogram sa yo pou n ede elèv yo amelyore abiltè yo nan lekti, redaksyon, ak matematik. Si pitit ou an elijib pou pwogram sa a, gouvènman federal lan bay jiska \$2,076.21 pou pitit ou an jwenn sèvis sa a.

Kijan m ap fè konnen si m kalifye pou pwogram “SES tutoring” lan?

Ou kalifye, si:

1. Pitit ou anwole nan yon lekòl piblik nan Massachusetts ke leta deziye kòm yon lekòl ki elijib pou “SES Tutoring”, sou baz rezilta dapre pefòmans lekòl sa a; EPI
2. Pitit ou an elijib pou repa gratis oubyen a pri redui; EPI
3. Ou ranpli fòmilè aplikasyon pou repa gratis e a pri redui an, epi ou voye l bay lekòl pitit ou an.

Tout fanmi ki satisfè toulèwa (3) règleman sa yo, yo elijib pou yo aplike pou “SES tutoring”. Nou priye w pou w note ke paske n pap gen sifzaman kòb, se pa tout elèv elijib yo kap jwenn “SES tutoring” lan.

Kilè ak ki kote mwen ka aplike pou pwogram “SES tutoring”?

Nap distribye fòmilè aplikasyon yo nan lekòl pitit ou an ak nan divès lòt zòn nan Boston lan pandan peryòd anwolman nou an (soti nan 6 Oktòb – rive nan 31 Oktòb, 2008), ak patisipan piba sa yo:

East Zone Family Resource Center (F.R.C.)

Campbell Resource Center
1216 Dorchester Avenue
Dorchester, MA 02124
617-635-8015
Lendi - a Vandredi: 8:30 AM - 5 PM

East Boston Satellite F.R.C.

Umana Middle School Academy
312 Border Street
617-635-9597
East Boston, MA 02128
Jedi, 8:30 AM - 5 PM

West Zone F.R.C.

Barron Building
515 Hyde Park Avenue
Roslindale, MA 02131
617-635-8040
Lendi - rive Vandredi: 8:30 AM - 5 PM

North Zone F.R.C.

Madison Park Complex
55 Malcolm X Boulevard
Roxbury, MA 02118
617-635-9010
Lendi - rive Vandredi: 8:30 AM - 5 PM

Family & Student Engagement Training Center

443 Warren Street
Dorchester, MA 02124
617-635-7750
Lendi & Mèkredi: 8:30 AM - 7:30 PM
Madi, Jedi & Vandredi: 8:30 AM - 1:30 PM

Allston/Brighton Satellite F.R.C.

Jackson/Mann Elementary School
40 Armington Street
Allston, MA 02134
617-635-5153, ext. 23
Madi: 8:30 AM - 5:00 PM

Kilès moun k ap ofri sèvis sa yo (SES tutoring)?

Pandan aktivite rejistrasyon an, fanmi ki elijib yo kapab chwazi nan yon lis “providers” Leta a apwouve yo. “Providers” yo ofri sèvis “tutoring” yo nan divès sijè pou elèv ki nan diferan nivo klas. Konsilte lis “providers” yo pou w jwenn piplis detay. Nou priye w note ke “providers” yo ka ofri sèvis “tutoring” lan nan lekòl pitit ou an oubyen nan yon lòt andwa.

Kilès kesyon mwen ta dwe konsidere lè m ap seleksyone yon “provider” pou yon pwogram “tutoring”?

- Nan kilès sijè pitit mwen bezwen asistans akademik (matem, lekti, epi/ou redaksyon)?
- Nan kilès pami jou nan semèn lan yo ofri pwogram sa a?
- Chak jou, kilè pwogram lan kòmanse, e kilè li fini?
- Nan ki dat nan sezon leta an pwogram lan ap kòmanse? Nan ki dat nan prentan l ap fini?
- Èske pitit mwen an ap jwenn enstwiksyon endividyèlman (one-on-one instruction), oubyen se nan ti gwoup piti li pral aprann?
- Ki moun ki pral bay pitit mwen enstwiksyon? Ki kalite kalifikasyon moun sa genyen?
- Ki kote “provider” an pral bay sèvis sa yo? Kijan pitit mwen an pral fè pou li ale nan zòn sa a? (Nou fè w sonje, nou pap bay sèvis transpò.)
- Kijan “provider” an pral satisfè bezwen elèv ki andikape yo (with disabilities) oubyen elèv sa yo ke lang anglè an se pa lang matènèl yo an?
- Èske fòk mwen gen “Internet” lakay mwen pou m resevwa sèvis sa yo?

Èske pitit mwen an kapab patisipe nan piplis pase yon pwogram?

Elèv yo dwe kòmanse e konplete yon pwogram “tutoring” avèk menm “provider” an. Li enpòtan pou w chwazi yon “provider” avèk swen pou w satisfè bezwen fanmi w. Sepandan, si pwogram sa w chwazi an pa satisfèzan pou ou, w ap gen opòtinite pou w chanje pwogram lan pandan yon peryòd twa (3) semèn nan mwa janvyè. Aprè janvyè, nou pap otorize w transfere pou lòt pwogram.

Si pitit mwen bezwen asistans anmenm tan nan matematik ak nan lekti, èske m ap ka chwazi yon “provider” pou matematik, e yon lòt pou lekti?

Non, se sèlman yon sèl “provider” ki ka bay pitit ou an “SES tutoring”. Nan yon ka konsa, l ap pibon pou w chwazi yon “provider” ki ka bay pitit ou an lesan nan matematik ak nan lekti.

Ki obligasyon elèv lan genyen pou l prezan regilyèman nan pwogram “SES tutoring” lan yo?

Nenpòt elèv ki anwole nan yon pwogram “tutoring” dwe pou l prezan nan chak sesyon. Si nenpòt timoun absan pandan senk (5) sesyon youn deyò lòt, n ap mete timoun sa deyò nan pwogram lan.

Kilès moun mwen kapab rele si m gen piplis kesyon?

- Pran kontak ak nenpòt pami “providers” sa yo nou prezante nan lis “Quick Reference Guide” yo pou piplis enfòmasyon.
- Konsènan kesyon jeneral yo sou pwogram “SES tutoring” gratis, tanpri rele Steve Desrosiers nan “BPS Office of Accountability”, telefòn 617-635-6810.
- Vizite “website BPS” la nan: www.bostonpublicschools.org, epi klike sou “Resources For Families”.
- Vizite “website” Depatman Edikasyon Massachusetts lan “Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education : www.doe.mass.edu/ses/

Lis Pou w Tcheyeke Pou Enskripsyon:

Lè w ap chwazi twa moun k ap bay sèvis pou pitit ou an, asire w ke “providers” sa yo w ap chwazi an ap:

- Sèvi nan nivo klas kote pitit ou an ye an (Gen kèk “providers” ki pap sèvi klas nan tout nivo yo).
- Ofri lesan (tutoring) nan sijè sa yo ki pi enpòtan pou pitit ou an.
- Ofri lesan (tutoring) nan lang matènèl pa pitit ou an (Lè sa aplikab).
- Sèvi nesite espesyal pa pitit ou an (Lè sa aplikab).

Anvan ou retounen fòmilè sa a ou konplete an bay lekòl pitit ou an, èske ou te:

- Ranpli tout kote yo mande w enfòmasyon yo?
- Mete nan dokiman an yon bon nimewo telefòn kote moun lekòl yo ka jwenn ou?
- Chwazi sijè kote ou ta reyèlman renmen pitit ou an jwenn “tutoring” ane sa a?
- Chwazi twa (3) “providers” diferan pou pitit ou an?
- Siyen fòmilè enskripsyon ou rejistrasyon an, avèk yon dat kote w siyen an?

Nou priye w voye fòmilè enskripsyon ou rejistrasyon an tounen bay lekòl pitit ou osito posib. Nou pap aksepte okenn aplikasyon pou pwogram sa a aprè 31 oktòb 2008.